



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 6/1/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE FINALIZASYON FINANSYE SOU REDEVLOPMAN  
TRANSFÒMASYON AYEWOPÓ LAGUARDIA**

***Port Authority, LGP ap egzekite yon kontra lwaye 35-ane make yon gwo etap  
pwogrè sou yon pwojè \$4 milya dola***

***Pwogrè a ouvè wout pou konstriksyon an kòmanse sou Tèminal B ak Nouvo  
Santral Hall nan kad nouvo tèminal ki inifye achitektiralman***

***Pwojè nivo mondyal pou pote LaGuardia nan 21<sup>yèm</sup> syèk la avèk ekipman dènye  
kri, amelyore kapasite epi redwi konjesyon***

***Enfòmasyon ke yo te pibliye sou reonsepsyon Ayewopò LaGuardia nan mwa Jiyè  
ane pase disponib [La](#)***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke Port Authority New York ak New Jersey te egzekite yon kontra lwaye 35-ane e yo te rive atenn finalizasyon finansye avèk LaGuardia Gateway Partners sou redevlopamn transfòmasyon ayewopò LaGuardia. Anons lan make yon gwo pwogrè pou pwojè ki gen renome a, avèk konstriksyon sou 35-nouvo gate Tèminal B ki prevwa pou l kòmanse touswit. Nouvo etablisman yo ap kòmanse ouvè pou piblik la nan ane 2018, avèk tout seksyon yo nouvo tèminal B a prevwa pou l ouvè nan fen ane 2021. Enfòmasyon ke yo te pibliye sou reonsepsyon Ayewopò LaGuardia nan mwa Jiyè ane pase disponib [la](#).

Anba yon kontra \$4 milya dola, LaGuardia Gateway Partners –pi gwo patenarya piblik prive – pral konsevwa, bati, fonsyone epi kenbe etablisman an. Plis pase detye pwojè a ap peye nan finansman fon prive ak frè pasaje ki la deja. Anjeneral, redevlopman LaGuardia prevwa pou l kreye 8,000 djòb dirèk ak 10,000 djòb endirèk, jenere \$1.3 milya nan salè epi stimile \$5.2 milya nan aktivite ekonomik dirèk.

Pwogrè jodia gen ladan finalizasyon obligasyon \$2.4 milya pou pwojè a. Egzansyon taks ak obligasyon taksab te pibliye pa New York Transportation Development Corporation, yon afilye Empire State Development. Obligasyon yo te preske 10 fwa si-evalye an mwayèn, demontre gwo enterè investisè yo nan redevlopman konplè Ayewopò LaGuardia.

“Avni New York depann sou investisman nap fè jodia e se poutèt sa nou prale delavan avèk yon plan san parèy pou modènize enfrastrikti nou toupatou nan Empire State,”  
**Gouvènè Cuomo te deklare.** “LaGuardia se yon pòt dantre esansyèl pou eta nou an

pou plizyè milyon rezidan ak vizitè. Lè nou transfòme l an yon ayewopò nivo mondyal, nap kreye yon ekonomi ki pi solid avèk enfrastrikti 21yèm syèk la ki reprezante sa ki pi bon nan New York.”

## **YON TÈMINAL, INIFYE INIK**

Plan aktyèl tèminal LaGuardia, gen plizyè tèminal bilding fragmante, yo pral ranplase pa yonsèl tèminal inifye. Yo pral akonpli sa nan demoli bilding tèminal B ki egziste deja, epi ranplase l avèk yon pi gwo tèminal pou pasaje ki lokalize toupre Grand Central Parkway.

Nouvo estrikti a ap gen ladan espas tèminal adisyonèl ak yon nouvo santral Hall ki pral relye tèminal C ak D Delta, e lap genyen kapasite pou lavant andetay, manje ak konsesyon bwason yo. Tèminal la ap gen anpil limyè natirèl nan tout nivo, gen wout dekoupe nan distans mache pou ale nan kontwa, ak zòn datant ki gwo ak konfòtab, avèk plis kapasite pou chita.

Delta Air Lines te anonse plan l pou l redevlope tèminal li yo ki egziste deja sou yon pis paralèl. Pandan konstriksyon an, operasyon vòl avyon ap kontinye fèt san deranjman.

**Patrick J. Foye, Direktè Egzekitif Port Authority New York ak New Jersey, te deklare,** “Finalizasyon kontra jodia nan Port Authority ak LGP patenarya piblik-prive ak kòmansman iminan konstriksyon reprezante yon gwo etap delavan nan vizyon Gouvènè Cuomo pou modènize Ayewopò LaGuardia. Nouvo tèminal B a pral yon etablisman 21yèm syèk ki ofri yon nivo elve sèvis kliyan ak ekipman. Patenarya Piblik Prive LaGuardia reprezante dezyèm pi gwo PPP ke PA te antre nan mwens pase twazan.”

## **YON KONSEPSYON 21<sup>yèm</sup> SYÈK**

Konsepsyon an prevwa pou l atenn sètifikasyon LEED Gold pou plan dirab e li pral elaji aksè transpòtasyon epi ofri ekipman pasaje dènve kri.

Enteryè nouvo tèminal inifye a pral yon entwisyon pou pasaje yo navige fasilman, e li pral fasilite mouvman efikas nan tout ayewopò a. Lè yo konsidere reyalite vwayaj pa avyon apre-9/11, avèk espas siplemantè pou tchèk sekirite, sa ki pral ede diminye tan datant pasaje yo pandan yap pase tchèk obligatwa TSA a.

Rekonsepsyon an kreye preske de kilomèt nouvo espas pou taksi, pèmèt yon sikilasyon ki pi efikas pou avyon epi redwi tan ki pral diminye reta nan pòt aksè yo – yon diferans konsidrab parapò a LaGuardia jodia. Anplis, chanjman sa a pral bay rediksyon anjeneral nan emisyon kabòn nan mach ralanti avyon yo.

LGP se yon asosyasyon plizyè konpayi avèk anpil eksperyans nan operasyon konstriksyon tèminal, Port Authority te chwazi konsepsyon ak finans nan Me 2015 apre yon RFP konpetitif. Konsòsyòm lan gen ladann:

- Vantage Airport Group – Aktyèlman ap jere nèf ayewopò nan twa kontinan, e li te tranzisyone 19 ayewopò de jesyon piblik a prive.

- Meridiam –Investisè mondyal prensipal ak manadjè byen.
- Skanska ak Walsh Construction – konpayi konstriksyon konjwen.
- HOK ak Parsons Brinckerhoff – konpayi konsepsyon konjwen.

Risk pou depasman pri ak reta nan orè pral fèt sèlman pa LGP anba kontra konsepsyon-konstriksyon an.

Konsistan avèk objektif Gouvènè Cuomo pou alatèt peyi a nan 30 pousan patisipasyon konpayi Biznis Fi ak sa Minorite posede (MWBE), konstriksyon pwojè nouvo tèminal B a ap bay yon vas opòtinite ekonomik pou kontraktè MWBE yo nan awondisman Queens ak toupatou nan rejyon Metropolitan New York.

**Stewart Steeves, Ofisye Egzekitif Anchèf LaGuardia Gateway Partners, te deklare,** “Jodia se yon gwo etap delavan pou pwojè a, elaji kominte New York ansanm avèk peyi a. Avèk kòmansman lwaye sa, ekip nou an ap pote eksperyans prim gayan nan pwojè a e li pral bay yon etablisman dènye kri ki gen konsepsyon dirab nan ayewopò LaGuardia. LGP ap fè patenarya avèk Port Authority pou reyalize vizyon Gouvènè Cuomo pou yon nouvo LaGuardia. Nou angaje pou delivre pwojè sa atan ak nan limit bidjè a, pandan lap kenbe kominote yo angaje ak enfòmè. Atansyon nou sou delivre yon gwo eksperyans kliyan anrasine nan konesans ke yon tèminal ayewopò se premye ak dènye eksperyans yon pasaje ka genyen de yon vil ak yon rejyon. Nou pral bati epi jere yon etablisman ke Nouyòkè yo ka fyè de li.”

**George Casey, Prezidan ak PDG, Vantage Airport Group ak Prezidan Konsèy Administrasyon LGP, te deklare,** “Mwen fyè paske mwen wè Vantage Airport Group dirije ekip dinamik sa sou lansman yon pwojè konsa. Nou pran responsabilite a oserye, e nap rete tann pou nou fè patenarya avèk Port Authority New York ak New Jersey ansanm avèk anpil ayewopò patisipan sou livrezon yon tèminal kap reponn a gwo atann eta ak vil New York. Nou di Gouvènè Cuomo mèsè pou lidèchip li sou pwojè enpòtan vizyonè sa a.”

**Johan Karlstrom, PDG ak Prezidan Skanska, te deklare,** “Sa a se pi gwo pwojè Skanska nan toutan. Nou fyè pou nou investi nan epi dirije konstriksyon pwojè sa ki pral amelyore kalite vwayaj pa avyon pou plizyè milyon moun. Pwojè Tèminal Santral B Ayewopò LaGuardia se pafè egzanp sou kijan nou ka, atravè Patenarya Piblik Prive, akselere livrezon enfrastrikti enpòtan, pote ansanm konstriksyon ak kapasite investisman tankou yonsèl Skanska. Nou konplimante Gouvènè Cuomo pou angajman l nan transfòmè LaGuardia an yon ayewopò 21<sup>yèm</sup> syèk ki pral dirije peyi a nan konsepsyon ak eksperyans kliyan.”

**Jane Garvey, Prezidan, Meridiam North America, te deklare,** “Ekip nou an te pote ansanm lidè avyasyon mondyal yo pou benefisye Port Authority, plis pase 14.3 milyon pasaje ki vwayaje nan bilding tèminal santral LaGuardia chak ane, konpayi ayeryen ansanm avèk konsesyon yo. Nou konprann wòl enpòtan ke LaGuardia jwe alafwa kòm yon sant transpòtasyon ak motè ekonomik rejyonal, nou remèsye Gouvènè Cuomo pou lidèchip li sou pwojè sa e nap rete tann pou nou travay avèk Port Authority pou bay Nouyòkè yo pi bon kalite bilding tèminal santral ke posib, premye ayewopò P3 nan peyi

a, ki sou orè ak sou bidjè.”

**WSP | Parsons Brinckerhoff Prezidan ak PDG George Kelly te deklare,** “WSP | Parsons Brinckerhoff fyè pou li patisipe nan ekip patnè LaGuardia Gateway pou devlopman yon nouvo tèminal ayewopò nan LaGuardia. Nan kad konsepsyon antrepriz konjwen, nou kontan pou nou kontribye espesyalite ki soti toupatou nan sektè biznis entegre nou an, enkli sèvis konsèy, bilding, anviwonman, endistriyèl & enèji, ansanm avèk transpòtasyon ak enfrastrikti, pou rive nan yon pwojè enfrastrikti ki pi enteresan ki ankou nan Vil New York. Nou konplimante Gouvènè Cuomo pou angajman l nan transfòmasyon LaGuardia an yon ayewopò 21<sup>yèm</sup>syèk ki pral dirije peyi a nan konsepsyon ak eksperyans kliyan.”

**Robert Chicas, AIA, Manadjè Konsepsyon ak Direktè Avyasyon + Transpòtasyon te deklare,** “HOK ak WSP | ekip konsepsyon Parsons Brinckerhoff fyè paske li fè pati nan pwogrè sa pou Ayewopò LaGuardia ak New York. Konsepsyon inovatif ak livrezon inik pwojè a ansanm avèk modèl operasyonèl demontre benefis yon patenarya piblik-prive. Grasa vizyon ak lidèchip Gouvènè Cuomo, devlopman dènye kri sa, konplèks tèminal 21<sup>yèm</sup> syèk la pral redefini konplètman eksperyans pasaje yo nan Ayewopò LaGuardia, ba li ekipman nivo mondyal ak sèvis kliyan ki pozisyone l pami pi bon ayewopò nan mond lan.”

**Dan Walsh, Ko-Prezidan, Walsh Construction, te deklare,** “Walsh Construction angaje pou bay nouvo Bilding Tèminal Santral la estanda ki pi elve pou konstriksyon ak sekirite, ansanm avèk yon atansyon san fay sou kalite. Etablisman dènye kri sa pral non sèlman yon nouvo pòt dantre pou Vil New York, men li pral amelyore tou operasyon ayewopò a epi ogmante nivo pou enfrastrikti avyasyon mondyal. Nou konplimante Gouvènè Cuomo pou angajman l nan transfòmasyon LaGuardia an yon ayewopò 21<sup>yèm</sup>syèk ki pral dirije peyi a nan konsepsyon ak eksperyans kliyan.”

**Depite Joe Crowley te deklare,** “Modènizasyon Ayewopò LaGuardia te dwe fèt deja e mwen aplodi Gouvènè Cuomo pou lidèchip li nan dirije efò pou pote l nan 21<sup>yèm</sup> syèk la. Anons sa make yon gwo pwogrè pou pwojè transfòmasyon sa e avèk kontra sa nan men, kounye a nou nan yon etap ki pi pre pou gen yon ayewopò premye klas pou aktyèl vizitè epi youn ke tout Nouyòkè yo ka fyè de li.”

**Depite Grace Meng te deklare,** “Finalizasyon yon tranzaksyon se yon gwo pwogrè nan efò pou rekonstwi ayewopò LaGuardia e li mennen nou nan yon etap ki pi pre revizyon enpòtan sa ki ankou. Mèsi a Gouvènè a ansanm avèk Port Authority pou tout efò kontinyèl yo pou redevlope LaGuardia. Mwen pa ka tann pou m wè pwojè a ale delavan.”

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418